

**VIL NOUYÒK (CITY OF NOUYÒK)**  
**BIWO JESYON AK BIDJÈ MAJISTRA**  
**BIWO OPERASYON MAJRA**  
**PWOGAM SUBVENTION BLOCK DEVLOPMAN KOMINOTE**  
**AVI SOU APLIKASYON CDBG PWOZE POU PLAN KONSOLIDE 2024 LA**  
**AVI SOU DISPONIBITE ANE FISKAL 2025 VIL LA PROPOSTE**  
**DESKRIPSYON PWOGAM DEVLOPMAN KOMINOTE AK BIDJÈ**

POU TOUT AJANS, KONSEY KOMINOTE, GWOUP, AK MOUN:

Modifikasyon nan Pwogram Sibvansyon Blòk Devlopman Kominotè (CD)

Sibvansyon Blòk Devlopman Kominotè (CD oswa CDBG) se youn nan kat fòmil sibvansyon dwa Vil New York resevwa chak ane nan men Depatman Lojman ak Devlopman Iben (HUD) Etazini. Anvan li resevwa lajan sa yo, Vil la dwe pibliye yon plan pou kòmantè piblik la ki dekri kijan li pral itilize sibvansyon an.

Dapre Seksyon 91.105(c) Règleman Plan Konsolide HUD a, Vil la ap fè piblik la konnen pwogram yo pwopoze ak alokasyon bidjè li yo pou 2024 Plan Konsolide/Senkyèm Ane Pwogram Devlopman Kominotè (CD 50). Yo idantifye pwogram yo ak alokasyon bidjè yo nan "Pwogram pou Devlopman Kominotè 2025 pou Ane Fiskal Vil la." Dokiman sa a genyen bidjè dwa CDBG pou ane 2025 vil la, bidjè ane 50 CDBG ki pwopoze a (ki pral enkòpore nan Plan konsolide ane 2024 la), ak bidjè CD 51 / ane 2025 pwopoze a. Dokiman sa a pa gen rapò ak finansman Sibvansyon Blòk Devlopman Kominotè-Rekiperasyon Dezas.

Apati Jedi 25 Avril 2024, dokiman "Proposed City Fiscal Year 2025 Community Development Program" la ap disponib pou telechaje sou sitwèb Biwo Operasyon Majistra a nan [www1.nyc.gov/site/operations/projects/consolidated-plan.page](http://www1.nyc.gov/site/operations/projects/consolidated-plan.page). Tanpri imèl nenpòt kòmantè sou chanjman yo pwopoze yo bay [ConPlanNYC@cityhall.nyc.gov](mailto:ConPlanNYC@cityhall.nyc.gov) anvan fen biznis 28 me 2024.

Vil Nouyòk (City of New York): Eric Adams, Majistra  
Jacques Jiha, Ph.D., Direktè, Biwo Jesyon ak Bidjè Majistra a

Dat: 24 Avril 2024